# МИЛЛИЙ ФОЛЬКЛОРЫМЫЗДА СӨЗ ҲӘМ САЗ ӨНЕРИ

**М.Есанов** – *доцент*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*

**Таянч сўзлар:** миллий мерос, нотиқлик санъати, импровизация, адабиёт, фольклор, санъат, анъана, халқ оғзаки ижоди.

**Ключевые слова:** национальное наследие, ораторское искусство, импровизация, литература, фольклор, искусство, традиция, народное устное творчество.

**Key words:** national heritage, oratory, improvisation, literature, folklore, art, tradition, folklore.

Қарақалпақ халқы өзиниң бай фольклорлық мийрасларына ийе. Толып атырған халық қосықлары, салт жырлары, ертеклер, аңыз-әпсаналар тағы басқалар булардың айқын дәлили. Бул фольклорлық дөретпелердиң ишинде дәстанлар айрықша көзге түседи. Бундай баҳалы мийраслар халықтың келешек әўладларына арзыў-әрманларын, үрп-әдетлерин, жасаў жағдайларын, жасаған орталықларын, турмыслық тәжирийбелерин халық тилинде атадан-балаға өткерип, усы бизиң күнимизге шекем қәстерлеп жеткерди. Халық дәстанларын бүгинги күнге жеткизиўшилер - булар жыраў-бақсылар саналады. Олар бир неше онлаған әсирлик халық дөретпелерин бир қанша өзгерислер менен болса да усы күнге жеткерип, ҳәзирги ўақытта олар халық аўзынан жазып алынып, халқымыздың фольклорлық ғәзийнесин байытып, руўхый мийрасымызды кеңейтпекте. Қарақалпақ фольклорының 20 томлығының баспада китап басылып шығыўы буның айқын дәлили бола алады. Олардың ишинде халқымыздың ертеклери, аңыз-әңгимелери, шешенлик сөзлери, дәстанлар ҳ.т.б. бай мийраслары үлгилериниң сайландылары халқымызға инам етилди.

Қарақалпақ халық аўызеки материалларының жыйналыўында дәслеп рус илимпазларының қызығыўшылығында басланды. Олар қарақалпақ фольклорының гейпара үлгилерин жазып алып, түп нусқасында ҳәм русша аўдармасында бастырып шығарады. Бул ҳақыйкатында, қарақалпақ фольклорының заман илими көзқарасынан изертлеўдиң жаңа ҳәм дәслепки қәдемлери еди. Әлбетте, бул дәўирдеги рус изертлеўшилериниң қаракалпақ ҳәм тағы басқа Орта Азия халықларының тилин, фольклорын, тарийхын, этнографиясын изертлеў, бир тәрепинен сиясий жағдайларға байланыслы болды. Соңғы ўақытларда илим пәнниң прогрессив бағдарда жол алыўында қарақалпақ фольклорының 100 томлық болып баспада жәрияланыўын қолға алды. Себеби, бундай халық аўызеки дөретпелери әдебий мийраслар ҳәр бир халықтың жасаў шараятынан, оның келип шығыў дереклеринен ҳ.т.б. тарийхый ўақыялардан дерек береди. Халық тәрепинен дөреген әдебий мийраслар, көркем шығармалар олардың халықтың сол жасап өткен дәўирлеринен дерек берип, сол турмыслық ўақыялар тийкарында пайда болады. Халық дөретпеси деген түсиник әдебиятымызда фольклор деген илимий термин менен де жүргизиледи. Демек, бул тусиниктиң-өзи, сол халықтың өзине тән белгисин билдирип турады.

Қарақалпақ, қазақ, түркмен, ҳ.т.б. халық аўыз еки дөретпелери әсирлер даўамында жасап, өсип, байып раўажланып, бир-бирин толықтырып бизиң күнимизге шекем жетип, руўхый ғәзийнемизден беккем орын алған ҳәм бизден соңғы жас әўладларға өтмишимизди үйрениў ҳәм оны билиў, қәдир-қымбатына жетиў, ўатанды сүйиў ҳәм улығлаў, мийнет сүйгиш, мәрт батыр азаматлар етип тәрбия алыўында үлкен әҳмийетке ийе.

Усындай мийрасларды халық арасынан жыйнап ҳәм илимпазлар тәрепинен изертлеп, халық дөретпелериниң үлгилериниң басқа қоңсылас халықларға салыстырғанда байлығы ҳәр қыйлы жанрлардың көплиги ҳәм бизиң

дәўиримизде шекем жанлы атқарыўшылардың көплеп келип жетиўи де илимде тастыйықланған.

Халық аўызеки дөретпелериниң ишинде дәстанлық шығармалар өзиниң мазмуны ҳәм көлеми жағынан басқа дөретпелерден ажыралып турады. «Дәстан» түсиниги фольклорлық шығармаларда «баян етиў» ямаса «жырлаў» дегенди аңлатады. Дәстанлық шығармалар ҳәр бир халық арасында үлкен орынды тутады ҳәм кең таралған көлеми жағынан үлкен, мазмуны бай дөретпе болып есапланады.

Дәстанлық дөретпелерде ҳәр бир халықтың өзгешелиги, олардың турмыслық шараятлары, өзгешелиги, олардың турмыслық шараятлары, күн көриси, миллий үрп-әдетлери, дәстүрлери халықтың жеке минез-қулықлары, олардың психологиясы, этнографиясы ҳ.т.б. бир-бирине уқсамайтугын белгилери өз сәўлелениўин табады.

Сондай-ақ, дәстанлық шығармалар тарийхый ўақыяларды, қаҳарманлық, ашықлық ўақыяларды, турмыслық мәселелерди ҳ.т.б. көринислерди де бере алады. Дәстанлық шығармалардың халық арасында тараўында жыраў-бақсылардын, қыссаханлардың орны гиреўли. Себеби, олар үлкен той-мерекелерде, жыйынларда, үлкен қурларда азанға шекем айтып халықтың қулағының қурысын қандырған, сол жерге барған ҳәр бир адам сол дәстанды үйренип, билим алыўға ҳәрекет етип, айырым қатықулақ адамлар оны ядлап алыўды кәсип-кәр еткен. Демек жыраўлардың орны өз дәўиринде ҳәр бир халықтың арасында үлкен әҳмийетке ийе халық аўызеки дөретпеси жазыў-сызыўдың раўажланбаған пайытында-ақ. халық арасында болғанлығы тәбийий.

Жыраў тәрепинен айтылған, айтылып жүрген дәстанлардың хызмет етиўге, сыртқы жаўлардан ўатанды қорғаўға, дослық меҳрибанлыққа үйретиў жақсы қәсийетлер дәстан қаҳарманларының ҳәрекетлери арқалы бериледи.

Дәстанлық шығармалардың жанрлық жақтан бир неше топарларға бөлип көрсеткен. Оларда лирикалық, эпикалық, драмалық элементлер аралас болып келиўин профессор Қ.Мақсетов өзиниң «Қарақалпақ халқының көркем дөретпелери» деген мийнетинде: «Қарақалпақ дәстанларының жанрлық өзгешеликлерине нәзер аўдарғанымызда, оларды қаҳарманлық, ашықлық, социал-турмыслық ҳәм тарийхый дәстанлар деп бөлип шәртли түрде төрт жанрға ажыратыў мақсетке муўапық келеди» (1) деген пикирди айтады. Социаллық турмыс мәселелерин сөз ететуғын дәстанлар да қаҳарманлық, лироэпикалық моментлер жийи ушырасады. Социаллық турмыс мотивлеринен басым сүўретлениўи менен қаҳарманлық ямаса лироэпикалық дәстанлардан парықланып турады. Мысалы «Алпамыс» дәстаны «Ғәрип-ашық» дәстанынан қалай айырылса, ал «Қатам-Тай» дәстаны «Шийрин-Шекер», «Шарьяр», «Меңлиқал», «Зарлық-Муңлық» қусаған дәстанларды социаллық турмыс мәселелерин сөз ететуғын дәстанлар деп жүритемиз. Бундай дәстанлар ҳаққында гейпара пикирлер бар. Қ.Айымбетов «Халық даналығы», И.Сағытов, Қ.Мақсетов, А.Пахратдинов ҳ.т.б. илимпазлардың мийнетлеринде айрықша қызығыўшылық пенен айтылған дереклер бар. Ҳәзирги күнде халқымыз басқа халықлар менен қарым-қатнас арқалы олардың үрп-әдетин, дәстүрин ҳәм мәдениятын үйренип өз дәстүрин, үрп-әдетин, мәдениятын байытып киятыр.

Бул ғәрезсиз Ўатанымыздың үлкен табысларының бири болып табылады. Барлық халық бир-биринен үйренеди ҳәм турмыс салт-жырлары, мәдenияты ҳәм әдебияттағы табыслары бир-бирин толықтырып халқымыздың ийгилигине хызмет етеди. Дәстанлар қайсы дәўирде дөресе де, бурын күнимизге шекем жетип келип, өсип раўажланып барады және де халқымыз ушын барқулла хызмет атқарады. Ондағы ҳәр бир образ халықтың дуньяға көзқарасының қайсы бир тәрепин ҳәм белгили бир басқышын сәўлелендиреди. Өзбекстан Республикасы өз ғәрезсизлигине ерисип, миллий қәдриятларымыз, үрп-әдетлеримиз тикленип атырған ҳәзирги дәўирде дәстанларды талықлап бизге тек халық аўызеки дөретпелерин емес, ал халықтың белгили бир дәўирдеги тарийхын үйрениў

имканиятын береди. Халық аўызеки дөретпелериндеги дәстанлардағы образлар ҳәм олардың сүўретлениўи адамзатты қоршаған дүньяны аңлаўдың ең дәслепки басқышларынан маглыўмат береди, бундай мағлыўматлар илим ушын жүдә әҳмийетли орын тутады. Қарақалпақ фольклортаныў илиминде бундай мәселелерди үйрениўге кеўил бөлинип атырғанын есапқа алсақ, жумысларымыздың әҳмийетлилиги дәўир талабына сай екенлиги белгили болады. Қалаберсе, дәстанлардағы образларды, дәстан қурылысы, сюжети, композициясын үйрениў халық дөретпелериниң ертедеги адамзат жәмийетиниң дәслепки басқышларын белгилеўде де әҳмийетли.

**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. II том Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977, 172-бет
2. «Едиге». Нөкис:«Қарақалпақстан», 1990.
3. Мақсетов Қ. Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар. Нөкис. «Қарақалпақстан» 1992,89-бет.
4. Алымов Ә., Адамбаев Т., Турдымуратов Ж. Ҳәзирети сазгер, Нөкис:-«Билим», 2013.

**РЕЗЮМЕ.** Давр учун муҳим бўлган халқимизнинг бир неча асрлик маънавий қадриятларини ўрганиш долзарб масалалардан бири. Мақолада ушбу масалаларнинг ечимини топишда маънавий қадриятларимиздаги нотиқлик санъатининг тарихий ривожланиш босқичлари, импровизатсион ҳодисаси ҳамда ушбу санъатнинг ёш авлодни Она Ватанга содиқ этиб тарбиялашда, маънавий дунёсини бойитишда, сиёсий-дипломатик, халқаро муносабатлар ва миллатлараро тотувлик, халқлар дўстлигини таъминлашда муҳим ҳодиса эканлиги очиб берилади.

**РЕЗЮМЕ.** Изучение многовековых духовных ценностей нашего народа, важных для периода Третьего Ренессанса, является одним из актуальных вопросов. В статье раскрываются этапы исторического развития ораторского искусства в наших духовных ценностях, явление импровизации, а также то, что это искусство является важным явлением в воспитании молодого поколения преданным Родине, обогащении его духовного мира, обеспечении политико-дипломатических, международных отношений и межнационального согласия, дружбы народов.

**SUMMARY.** Studying the centuries-old spiritual values of our people, important for the Third Renaissance period, is one of the pressing issues. The article reveals the historical development stages of oratory in our spiritual values, the phenomenon of improvisation, as well as the fact that this art is an important phenomenon in educating the younger generation as patriots of the Motherland, enriching their spiritual world, ensuring political-diplomatic, international relations and interethnic harmony, friendship of peoples.